# Gid pou fè rezèvasyon trajè pataje pou fanmi

App pou trajè pataje a disponib pou fanmi nan doe.tripslink.com

- Moun ki fèk ap  itilize l dwe enskri pou kreye yon pwofil itilizatè.




- Pou konplete pwosesis enskripsyon an, y ap mande itilizatè a pou l bay yon nimewo telefòn selilè ki valab epi bay yon kòd otorizasyon "koupon" ki valab ke Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS) te ba li.
- Moun ki abitye itilize l, klike  LOGIN.

## Enskripsyon nouvo itilizatè

- Antre "koupon" lekòl ou a ba ou a epi klike sou "Verifye" ( "Verify").




- Si verifikasyon an reyisi, sa ap pèmèt ou "kontinye" ("continue") pwosesis enskripsyon an.
- Ou dwe gen yon koupon ki  valab pou konplete pwosesis enskripsyon an. Si verifikasyon an echwe, tanpri kontakte kowòdonatè transpò w la nan lekòl ou a.

### Konfime nimewo telefòn selilè w

- Antre yon nimewo telefòn kote ou ka resevwa yon kòd verifikasyon, epi klike sou "voye kòd la" ("send code").



**Verifikasyon telefòn selilè**

- Antre kòd ou te resevwa a atravè SMS epi klike sou "verifye" ("verify").

**Fini enskripsyon w lan**

- Antre non ou, adrès imèl ou, epi kreye yon PIN aksè kat chif.
- PIN ou kreye a ap sèvi pou konekte ou nan App pou fè rezèvasyon an.
- Klike sou "Kreye Itilizatè" ("Create User") pou konplete enskripsyon an.




**Kòman pou konekte (log in) nan App la**

- Antre nimewo telefòn selilè ou te bay nan pwosesis enskripsyon an
- Antre PIN kat chif ou te kreye nan pwosesis enskripsyon an
- Peze "konekte" ("log in")
    - Si ou fèk ap itilize App la epi ou poko kreye yon PIN, klike sou enskri pou konplete pwosesis enskripsyon an.




- Felisitasyon, ou fin fè pwosesis enskripsyon an epi ou konekte sou App la.
- Ou kapab kounye a fè  rezèvasyon epi jere mwayen transpò ou.
- Klike sou twa liy ki nan kwen anlè agòch la pou elaji panèl paramèt App la, kote ou ka jwenn aksè nan pwofil itilizatè ou a, jwenn eksplikasyon pou itilize App la, ak sipò teknik.



**Eksplikasyon sou kòman pou fè rezèvasyon**

- Chwazi opsyon eksplikasyon pou rezèvasyon an nan lis la pou kòmanse gid App la epi aprann kijan pou rezève epi jere mwayen transpò w.




**Trening**

- Itilize bouton suivan (Next) ak avan (Previous) gid la pou navige




- **Selektè dat – dat la ap pèmèt ou chwazi jou rezèvasyon an**

**Rezève yon trajè**




- **Kreye yon nouvo trajè**



- **Itilize trajè ou te fè dènyeman an**




- **Konfigirasyon lè pou yo vin chèche w**




- **Chwa konpayon**



- **Ajoute oswa chanje yon konpayon**




- **Chwa koupon**




- **Chwa arè lekòl**



- **Tip trajè**




- **Detay trajè a**



- **Fè rezèvasyon an**




- **Apèsi**




